Халқ депутатлары Қараөзек районлық Кеңесиниң

Ш Е Ш И М И

2017 жыл 31 октябрь **30/81-сан**

Қараөзек районы “Қаракөл” аўыл пуқаралар жыйыны атамасын “Академик Сабыр Камалов” аўыл пуқаралар жыйыны атамасына өзгертиў ҳаққында

Өзбекистан Республикасының «Географиялық объектлердиң атамалары ҳаққында»ғы Нызамының 10-статьясы (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2011 й., 41-сон, 448-модда)ның 6-бәнтине тийкарланып, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2017-жыл 14-сентябрь күнги 02-786-санлы ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 16-сентябрь күнги 05-07/10-09/209-санлы хатларына муўапық Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңеси отызыншы сессиясы

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И :

1. Қараөзек районы “Қаракөл” аўыл пуқаралар жыйыны атамасын “Академик Сабыр Камалов” аўыл пуқаралар жыйыны атамасына өзгертиў ҳаққындағы район ҳәкиминиң усынысы мақуллансын.

2. Қараөзек районы “Қаракөл” аўыл пуқаралар жыйыны атамасын “Академик Сабыр Камалов” аўыл пуқаралар жыйыны атамасына өзгертилсин.

3. Районлық Ишки ислер бөлими (С.Казбеков), районлық статистика бөлими (А.Жолдасбаев), тийисли мәкеме, кәрхана, шөлкемлер атамасы өзгерген пуқаралар жыйыны менен биргеликте бир ай мүддет ишинде ҳүжжетлерди муўапықластырыў тапсырылсын.

4. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары районлық Кеңесиниң социаллық-мәдений раўажландырыў, ден-саўлықты сақлаў ҳәм қоршаған орталықты қорғаў мәселелери бойынша турақлы комиссиясы баслығы А.Тилеумуратовқа ҳәм район ҳәкиминиң жаслар сиясаты, социаллық раўажландырыў ҳәм руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасары А.Давлетназаровқа жүклетилсин.

5. Район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында ҳәм “Мийнет байрағы” газетасында рәсмий жәриялаў район ҳәкилигиниң юрист-мәсләҳәтшиси И.Даулетмуратовқа тапсырылсын.

6. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңеси баслығы: **Д.Утемуратов**

QARAO'ZEK QORAUZAK TUMANI KENGASHI XALQ DEPUTATLARI

KO'SHIMCHA DUF

Халық депутатлары
Қараөзек районлық Кеңесиниң
2017-жыл 31-октябрь күнги
30 сессиясы «30/81»-санлы шешимине қосымша

"Қараөзек районы "Қаракөл" аўыл пуқаралар жыйыны атамасын "Академик Сабыр Камалов" аўыл пуқаралар жыйыны атамасына өзгертиў ҳаққында"ғы Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңеси отызыншы сессиясы 30/81-санлы шешимине муўапық район аймағындағы пуқаралар жыйынының атамасы өзгеретуғын географиялық объект

№	Географиялық объектлердиң әмелдеги атамасы	Географиялық объекттиң қарақалпақ ҳәм өзбек тилиндеги тәртиплестирилген атамасы			
		Қарақалпақша-кирилша	Қарақалпақша-латынша	Өзбекше-кирилша	Өзбекше-латынша
1	Қаракөл АПЖ	Академик Сабыр Камалов АПЖ	Akademik Sabir Kamalov APJ	Академик Сабыр Камалов ОФЙ	Akademik Sabir Kamalov OFY